

Ann aprann òtograf kreyòl la



SEKRETERI D ETA POU ALFABETIZASYON

Sa ki nan liv la

2 mo silvouplè	1
Premye prensip	3
Dis konsòn ak dis vwayèl	4
5 lòt konsòn	10
Yon lèt ki apa	13
2 demi vwayèl	14
Dezyèm prensip	17
Kenz konsòn ki pa bay traka	17
De demi vwayèl ki pa bay traka	17
2 lèt, men yon sèl son	18
Dis vwayèl	19
Yon lèt yo pa jwenn nan liv franse ak nan liv angle : ò	19
Lèt w	19
Yon demi vwayèl ki dousman	22
Twazyèm prensip	23
Pwoblèm n	24
Konsòn ki mache youn dèyè lòt	26
Katriyèm prensip	28
Kichòy ki pa nan sistèm òtograf 1980 an	31
Kèk mank nan prezantasyon sistèm òtograf 1980 an	35
Kèk konsèy sou òtograf kreyòl la	41

I. NANNAN SISTÈM ÒTOGRAF 1980 AN.

Ti liv sa a la pou li ede w konprann sou ki prensip òtograf ofisyèl kreyòl la chita, e pou li montre w sèvi ak òtograf la.

Mòd òtograf sa a sèvi ak lèt pou li reprezante SON ki gen enpòtans nan lang kreyòl la. Men poto mitan òtograf la:

Lèt yo la pou yo pèmèt nou rekonèt son ki genyen nan tout pawòl yon Ayisyen kapab di, lè l ap pale kreyòl.

Nou kapab detaye koze sa a nan 4 prensip.

Premye prensip: Chak lèt ret nan wòl yo.


Nan son yon lang, gen vwayèl, gen konsòn.

Nan ekriti yon lang, gen lèt ki reprezante vwayèl yo, gen lèt ki reprezante konsòn yo.

Vwayèl kònn chante. Yo gen bèl vwa. Konsòn fè bwil.

Yo pa kab chante. Yo toujou mache ak yon vwayèl.

Nan lang kreyòl la, gen 10 manman vwayèl. Men yo:



Nou tande 10 vwayèl sa yo nan fen mo tankou:
pa, pan, pe, pè, pen, pi, po, pò, pon, pou.

Nou wè ak ki lèt nou sèvi pou nou ekri vwayèl yo:
a, an, e, è, en, i, o, ò, on, ou.

Dis konsòn ak dis vwayèl

Annou konmanse ak dis lèt ki reprezante dis konsòn:

b, d, f, j, k, l, p, r, v, z.

Lè nou kole dis konsòn sa yo ak dis vwayèl yo, nou kapab di anpil mo e nou kapab ekri yo tou. Alèkile, lè n ap li egzanp nou chwazi yo, gade jan chak lèt suiv premye prensip la. Gade jan chak lèt ret nan wòl yo. Wòl yo, se reprezante yon grenn son kreyòl. Men, chonje sa byen:

OU: se 2 lèt, men se yon sèl siy ki reprezante yon sèl vwayèl.

EN: se 2 lèt, men se yon sèl siy ki reprezante yon sèl vwayèl.

ON: se 2 lèt, men se yon sèl siy ki reprezante yon sèl vwayèl.

AN: se 2 lèt, men se yon sèl siy ki reprezante yon sèl vwayèl.

Chak kou nou tande son /a/ nan yon mo, n ap jwenn lèt **a** ladan.


ba	baka
dakò	jouda
fa	aloufa
ka	kaba
la	laba
pa	papa
ra	rara
va	vale



zaboka

Chak kou nou tande son /an/ nan yon mo, n ap jwenn lèt **an** ladan.


ban	banda	elan
dan	danje	anpenpan
Fanfan	elefan	ranje
jan	janbe	anvan
kan	kanpe	
lanbi		
pan		
ran		
van		



ban

Chak k lèt **e** la


bebe	janbe
de	debake
fete	fele
je	raje
ke	beke
leve	ale
pe	ape
rele	reve
ve	jave
ze	peze



ze

Chak kou nou tande son /è/ nan yon mo, n ap jwenn lèt è ladan.


bè	bèbè
odè	kadè
fè	zafè
lajè	lejè
kè	bèkèkè
lè	alèlè
pè	lepè
erè	laperè
vè	vèvè
zè	razè



vè

Chak kou nou tande son /en/ nan yon mo, n ap jwenn lèt en ladan.


benyen	enben
bouden	sendenden
fen	defen
ajen	jenjanm
kenbe	koken
lendi	malen
pen	penyen
ren	maren
ven	diven
zen	kouzen



rezen

Chak kou nou tande son /i/ nan yon mo, n ap jwenn lèt i ladan.

bibon	abi	balize
di	madi	piki
fi	fizi	rive
ji	jijiri	lavi
ki	kaki	dezi
li		
pi		
ri		
vire		
zile		



fizi

Chak kou nou tande son /o/ nan yon mo, n ap jwenn lèt o ladan.

bo	abobo
do	dodo
fo	foli
jodi	joli
kokobe	kobo
lo	lobo
po	poko
vo	vole
zo	kanzo



kola

Chak kou nou tande son /ò/ nan yon mo, n ap jwenn lèt **ò** ladan.

bò	rebò
dòl	dòb
fò	alfò
majò	larijòl
kò	bòkò
lò	lòja
pò	rapò
vòlò	vòl
bòzò	lezòt



kòk

Chak kou nou tande son /on/ nan yon mo, n ap jwenn lèt **on** ladan.


bon	bonbon
don	padon
fon	kafondi
jon	pijon
kon	konben
lonje	Lonlon
pon	kapon
vonvon	lvon
zonbi	dizon



pijon

Chak kou nou tande son /ou/ nan yon mo, n ap jwenn lèt **ou** ladan.

bouke	boule
dou	doulè
fou	fouye
jou	jouda
kou	koukou
lou	Loulou
pou	pouki
vouzan	randevou
panzou	vezou



koukou

Pou ki rezon nou pa mete sèten mo ki vin nan tèt nou etan n ap li egzanp sa yo? Pa bliye nou prale ti **pa**, ti **pa**. Se ak **dis** konsòn sèlman nou sèvi. Nan tout mo nou wè yo, lèt ki reprezante konsòn sa yo ret nan wòl yo tou. Chonje sa sa vle di: wòl yo se reprezante yon sèl grenn konsòn kreyòl.

5 lòt konsòn


Nou pral sèvi ak 5 lòt konsòn kounye a. Sa pral fè 15 konsòn ak 10 vwayèl.

Nou pral sèvi ak lèt:


ch, g, m, s, t.

Gade byen pou nou wè jan yo toujou ret nan wòl yo. nan òtograf kreyòl la. Menm jan **an, en, on, ou**, se 2 lèt, men, yo reprezante yon grenn vwayèl, se kon sa **ch** tou se 2 lèt, men yo reprezante **yon sèl konsòn**, ki fè yon sèl bwi: **ch** toujou remèt son ki nan mo tankou

chajè	chapo
chavire	cheri
bouche	rache
chè	chi
chire	cho
chode	chofe
chou	



chapo




chou

Kon sa, nou gen **ch** pou yon son, epi nou gen **k** pou yon lòt son nou jwenn nan: kapo, bouke, kè, ki, kou.

g toujou remèt son ki nan mo tankou

gaga	gade
dega	gede
geri	lage
gagè	lagè
Gi	gidon
gita	gode
lago	zago
gou	gouye
degou	




gita

Kon sa, nou gen **g** pou yon son, epi nou gen **j** pou yon lòt son nou jwenn nan: ja, jako, deja, aje, lajè, ji, jodi, jou.

s toujou remèt son ki nan mo tankou

sa	sale
pasaje	se
sezi	bese
kase	pase
sèso	si
sizo	so
Sodo	sove
sou	souke
soupe	




sizo

Kon sa, nou gen **s** pou yon son, epi nou gen **z** pou yon lòt son nou jwenn nan: peze, poze, sizò, sezi, zafè, zago, zo.

t toujou remèt son ki nan mo tankou

ta	bata
te	pate
koute	rete
choute	tè
ti	pati
piti	zouti




tas

Kon sa, nou gen t pou yon son, epi nou gen s pou yon lòt son.

m toujou remèt son ki nan mo tankou

ma	mache
madi	mare
mari	mato
mele	ame
mete	merite
lame	demele
mè	mèsi
lamè	mize
pami	mo
move	modi
mole	ramo
mou	mouri



mato

Yon lèt ki apa

n se yon lèt ki apa, paske lè li ret nan wòl li, li reprezante son ki gen nan mo tankou

natifnata	ne
sinema	nè
ni	founi
noté	founo
nou	



Men, li gen yon lòt wòl tou: se fè vwayèl yo pale nan nen. N a wè mèwèy sa a pi ta.


2 demi vwayèl

Pi fò son lang, se konsòn ou byen se vwayèl. Men, gen de twa son ki yon jan lamanten. Pèp la di bèt lanmè sa a gen yon bò vyann bèf ak yon bò vyann kochon. Se kon sa gen 3 son nan lang kreyòl la ki gen yon bò konsòn ak yon bò vwayèl. Yo rele yo demi vwayèl.

Gen 2 nan son sa yo ki parèt souvan an kreyòl, ki fè yo gen anpil enpòtans nan lang lan. Yo soti nan menm ras ak 2 manman vwayèl /i/ ak /ou/ yo. Men ak ki lèt òtograf la reprezante 2 demi vwayèl sa yo: **y** epi **w**.

Lèt **y** toujou reprezante son nou jwenn nan konmansman mo:

yo,	ye
nan mitan mo:	tayo, baye
nan fen mo:	tay, bay.



yanm



baye

Demi vwayèl /y/ la mache **devan** tout vwayèl, ki fè nou kab jwenn lèt **y** la devan tout lèt ki reprezante vwayèl yo
kaya, **vanyan**, **ye**, **yè**, **yenyen**, **bouyi**,
yo, **deyò**, **bouyon**, **koukouyoukou**.

Demi vwayèl /y/ la mache **dèyè** tout vwayèl, ki fè nou kab jwenn lèt **y** la apre tout lèt ki reprezante vwayèl yo

kaye, **anyen**, **veye**, **dèyè**, **benyen**,
piye, **kokoye**, **pòy**, **ponyen**, **bouyon**.

Demi vwayèl /y/ la mache **dèyè** tout konsòn, ki fè nou kab jwenn lèt **y** la apre nenpòt ki lèt ki reprezante yon konsòn

byen, **chyen**, **dyab**, **fye**, **gyab**, **enkyete**, **lyon**, **mye**,
nyè, **pye**, **aryen**, **syèl**, **tyas**, **vyolon**, **zizye**.



kije

fèy


Lèt **w** toujou reprezante son nou jwenn nan konmansman mo:

wè,	wi
nan mitan mo:	siwèl, siwo
nan fen mo:	lakataw, kaw.

Demi vwayèl /w/ a mache **devan** tout vwayèl, ki fè nou kab jwenn lèt **w** a devan tout lèt ki reprezante vwayèl yo
wa, **wanga**, **wete**, **wè**, **mwen**, **wi**, **wo**, **wòl**, **won**, **wou**.

emi vwayèl /w/ a mache dèyè tout vwayèl, ki fè nou ab jwenn lèt w a apre tout lèt ki reprezante vwayèl
 awas, anwo, pewòl, Bèwèt, menwi, siwo, towò, wò-
 òt, Monwi, bouwo.

emi vwayèl /w/ a mache dèyè tout konsòn, anwe-
 an, /r/, ki fè nou kab jwenn lèt w a apre nenpòt ki lèt ki
 reprezante yon konsòn, anwetan lèt r.
 wa, chwa, dwa, fwa, gwayav, jwa, kwa, lwa, mwa, nwa,
 wa, swa, twa, vwa, zwazo.



woma



zwazo

Dezyèm prensip: Chak son ekri menm jan.

Kenz konsòn ki pa bay traka

Nou deja jwenn 15 konsòn ki pa bay traka, paske lèt ki reprezante yo suiv dezyèm prensip sa a nèt. Sa vle di, chak kou nou bezwen ekri yon mo kreyòl ki gen bwi nou jwenn nan konmansman:

bè, chou, de, fou, gaga, jou, kaki, la, mo, papa, ri, si, te, vale, zago,
 nanpwen lòt lèt pou nou pran pou nou konmanse mo a pase:

b, ch, d, f, g, j, k, l, m, p, r, s, t, v, z.

De demi vwayèl ki pa bay traka

Nou deja jwenn 2 demi vwayèl ki pa bay okenn pwoblèm, paske lèt ki reprezante yo, suiv dezyèm prensip la nèt. Sa vle di, nou sèvi ak lèt y ou byen ak lèt w nan mo tankou:

Yaya, faya, gaya, yavalou, veye, ayè, yi bourik, peyi, ayizan, peyizan, mayo, lamayòt, toubouyon, voye, wayal, wangatè, wari, piwèt, kouwa, kowosòl, wosi-yòl, koukouwouy, kawotchou, kawo.

Vwayèl

Se vwayèl yo ki bay yon ti pwoblèm ak dezyèm prensip la. Gen 3 vwayèl ki san pwoblèm nèt paske lèt ki reprezante yo, pa bay moun okazyon ezite menm sou son yo remèt la: **è, i, ò.**

Men, nou bezwen bay kèk ti espplikasyon pou vwayèl nou ekri ak lèt: **a, an, e, en, o, on, ou.**

2 lèt, men yon sèl son

Nou konpoze 4 son kreyòl, nou tande nan anpil mo, ak 5 lèt sa yo: **a, e, o, u, n**.

1. OU:

Jan nou te di a, **OU** se 2 lèt ki reprezante yon sèl son. Nou deja bay anpil egzanp ak vwayèl ou sa a. Men de twa lòt:

boule, dechouke, doukounou, foutou, koule, louna, moulou, momou, pou pou, rapadou, souke, touse.

2. AN:

Se 2 lèt ki reprezante yon sèl son tou. Se ak gwoup 2 lèt sa a n ap sèvi chak kou nou vle ekri son vwayèl ki pale lan nen ki nan mo sa yo:

ban, chan, dan, anfan, gan, jan, kan, lan, manman, nan, pan, ran, san, tan, van, zangi.

3. EN:

Se 2 lèt tou pou yon sèl son. Se ak gwoup 2 lèt sa a n ap sèvi chak kou nou vle ekri son vwayèl ki pale lan nen nou jwenn nan mo sa yo:

ben, chen, bouden, fen, gen, jen, kenbe, pèlen, men, nen, pen, ren, sen, tenten, ven, zen.

4. ON:

Se 2 lèt tou pou yon sèl son. Se ak gwoup 2 lèt sa a n ap sèvi chak kou nou vle ekri son vwayèl ki pale lan nen nou jwenn nan mo sa yo:

bon, bouchon, don, fon, gon, jon, konte, salon, monpè, non, pon, son, tonton, vonvon, won, tizon.

Dis vwayèl

Pou nou ekri 10 vwayèl ki genyen nan lang kreyòl la, n ap sèvi ak lèt sa yo: **a, an, e, è, en, i, o, ò, on, ou**.

Men kèk ti fraz:

1. Apa papa pa laba a.
2. Fanfan gan tan tande jouman ti san manman frekan an.
3. Jeje prese ede Fefe sere kafe a.
4. Mè a wè fè lamè a a tè.
5. Maten renmen tenten ak zen.
6. Ti fi ki pi piti a sezi li sa li ekri a.
7. Pito Toto kore oto a kote poto a poze a.
8. Atò vòlè ki bòzò a sèvi ak bòkò epi a sòlòkòtò.
9. Tonton ak baton an nan salon an ak yon bon pantalon blan.
10. Loulou si lou, se mouri la mouri si pou li kouri.

Yon lèt yo pa jwenn nan liv franse ak nan liv angle: ò.

Nan tout alfabè kreyòl la, se yon sèl grenn lèt nou pa konn jwenn ni nan liv franse, ni nan liv angle, ni nan liv panyòl. Se **ò** ak yon aksan grav. Li itil anpil paske kreyòl la gen divès mo ki sanble tèt koupe, men ki pa menm poutèt son /o/ ak /ò/:

bo fo ko lo mò Nono po so Toto pale deyo
bò fò kò lò mò nò pò sò tò pale deyò

Lèt w

Nou pral wè kouman pou nou suiv dezyèm prensip la nèt lè demi vwayèl /w/ a kole ak yon vwayèl nan mo kreyòl. N ap sèvi ak lèt w a pou nou ekri anpil silab nou jwenn nan mo kreyòl.

1. Lè son /a/ suiv son demi vwayèl /w/ a, nou toujou ekri gwoup son sa a: **wa**.
wa, bwa, chwa, dwa, fwa, gwayav, jwa, kwa, lwa, mwa, nwa, pwa, swa, twa, vwa, zwazo.
2. Lè son /an/ suiv son demi vwayèl /w/ a, nou toujou ekri gwoup son sa a: **wan**.
wanga, wanga nègès, wangatè, kwann.
3. Lè son /e/ suiv son demi vwayèl /w/ a, nou toujou ekri gwoup son sa a: **we**.
wete, bwe, chwe, dwe, Agwe, jwe, lwe, anmwe, swe, devwe, zwezo.
4. Lè son /è/ suiv son demi vwayèl /w/ a, nou toujou ekri gwoup son sa a: **wè**.
wè, bwè, machwè, dwèt, fwèt, jwèt, kwè, lalwèt, mwèl, Nwèl, pwèl, aswè a, twèl, vwèl, azizwèl.
5. Lè son /en/ suiv son demi vwayèl /w/ a, nou toujou ekri gwoup son sa a: **wen**.
fwenk, pengwen, jwen, kwen, lwen, mwen, pwen, swen, Twen, bezwen.
6. Lè son /i/ suiv son demi vwayèl /w/ a, nou toujou ekri gwoup son sa a: **wi**.
wi, bwi, chwichwichwi, fwi, zegwi, jwi, kwi, Lwi, nwi.
7. Lè son /o/ suiv son demi vwayèl /w/ a, nou toujou ekri gwoup son sa a: **wo**.
wo, bwote, Bouchwo, gwo, makwo.
8. Lè son /ò/ suiv son demi vwayèl /w/ a, nou toujou ekri gwoup son sa a: **wò**.
wòl, bwòdè, dwòl, kwòk, pwòp, twò, twòp.
9. Lè son /on/ suiv son demi vwayèl /w/ a, nou toujou ekri gwoup son sa a: **won**.
won, wont, fwonte, twonse.

10. Lè son /ou/ suiv son demi vwayèl /w/ a, nou toujou ekri gwoup son sa a: **wou**.
wou, wouj, wout, woule, woulo, wouze, gwoup.

Si yon moun ap suiv esplikasyon nou yo byen, li kapab mande pou ki sa gen plis egzanp ak sèten vwayèl pase ak sèten lòt. Sa pa soti nan ekriti a. Sa soti nan lang lan. Anpil fwa, angiz yon mo kreyòl gen yon gwoup son ki fèt ak demi vwayèl /w/ plis yon vwayèl bouch won, tankou /o/, /on/, /ou/, pwononsiyasyon an kenbe vwayèl la sèlman epi li pa mete demi vwayèl la. Lè kon sa, ekriti a fè menm jan. Pi fò moun ann Ayiti di:
Renmen pochen w.
Mwen pran bal mwen nan fon.
Yon sèl kout wou fouye 2 tou: zago bèf.

Yon demi vwayèl ki dousman

Gen yon demi vwayèl ki pa fè anpil bwi nan lang lan, men ki la tou dousman. Se li ki nan konmansman nimewo 8. Nou ekri l ak yon lèt nou ta gen dwa rele ui paske lepli souvan se nan vwazinaj lèt l li parèt:

ui dola, ui goud, ui jou, ui mwa, uit mango, andui, kui (po bèf).

Men, gen kichòy pou nou pa bliye: pi fò mo moun konn pwononse ak gwoup son, demi vwayèl sa a fòme ak yon lòt vwayèl, konn gen yon lòt pwonon-siyasyon nou jwenn pi souvan. Nan lòt pwononsiya-syon sa a, se demi vwayèl /w/ a ki parèt devan vwayèl la. Ki fè nou gen dwa ekri

swa:

chwichwichwi, zegwi, kwit, nwi, lannwit, swiv, jwif,

swa:

chuichuichui, zegui, kuit, nui, lannuit, suiv, juif.

Se kon sa tou, nou gen

swa: swe, lalwèt, swè, swente,

swa: sue, lalwèt, suè, suente.

E gen lòt mo toujou ki gen plis pase yon sèl pwonon-siyasyon, tankou:

apiye	kiye	kizin	abitwe	jenou
apuiye	kuiye	kuizin	abitue	jinou
	kouye	koujin	abitye	jounou.

Moun gen dwa ekri mo sa yo selon jan yo pwononse yo, depi yo pa pran pòz: se yo sèl ki konnen, e se jan yo di a sèl ki bon. Gen ti libète. Nanpwen esklav, nanpwen restavèk. Jan pawòl la di:

Selon filange w, se selon sale w.

Epi: Jan Tyann ranje kabann, se kon sa Nikola kouche.

Twazyèm prensip:

Nanpwen lèt ki bèbè.

Nan òtograf kreyòl la, nou mèt di tout lèt pale menm jan, nan konmansman yon mo, nan mitan l ou byen nan finisman l.

bab, rach, rad, saf, bag, laj, rak, kal, dam, tap, tas, rat, kav, kaw, lay, ayayay, bay, pay, ray, raz, gaz, fraz, ret, wet, met, tep.

zèb, chèch, rèd, nèf, nèg, bèj, rèk, zèl, fèm, gèp, rès, tèt, zèv, dèy, sèkèy, fèy, lòbèy, chèz, malèz, alèz.

labib, chich, brid, resif, fig, jij, chik, lavil, krim, pip, vis, vit, viv, briz, kriz, chemiz.

kot, Mod, woy, Mari Woz.

Bòb, wòch, mòd, sòf, gwòg, gòj, pòk, bòl, pwòp, sòs, pòt, pòv, pòy, kichòy, kòy, pòz, kòz, wòz.

koub, mouch, koud, souf, fouk, boul, boum, soup, sous, kout, koukouy, douz.

Pwoblèm n

Gen lè lèt **n** pa suiv twazyèm prensip la. Nou pa tandè bwi l, lè nou li: **an, en, on.**

Se pa fin sa nèt. Se pou nou chonje **a, e, o** makònen ak **n** pou yo fè kòm yon sèl lèt nouvo, ki bay yon sèl son. E son sa a, se pa ni son /a/, ni son /e/, ni son /o/, ni son /n/. Se yon vwayèl ki soti nan bouch ak nan nen ansanm, tankou lè zonbi ap pale. Nou ta mèt di: lè lèt **a, e, o**, ak **n** rankontre nan gwoup **an, en, on**, yo tounen zonbi. Men, lè yo pa nan gwoup sa yo, yo pale pale yo tankou tout lèt. Se sa ki fè nou genyen:

bann, machann, fann, gagann, kann, fòmenn, bannann, pann, rann, sann, tann, vann.

benn, chenn, kodenn, jenn, genn, okenn, plenn, nennenn, lapenn, marenn, senn, etenn, venn, ponn, pèsonn, fonn, segonn, konn, lonn, wonn.

Nou wè se pa ak twazyèm prensip la lèt **n** gen kont, lè li sèvi pou l fè vwayèl yo pale nan nen. Se plis ak yon katriyèm prensip, nou pral jwenn talè, li fè yon ti radiyès.

Men, nan sèvi pou li montre yon vwayèl pale nan nen, li fè lèt **a** fè yon ti frekan tou piti ak dezyèm prensip la. Nou chonje dezyèm prensip la mande pou chak son toujou ekri menm jan. Kon sa, nou ta byen renmen sèvi ak lèt **a** tou senp, chak kou nou bezwen ekri vwayèl /a/ a. Men, nou sètoblije mete yon ti plim nan tèt li, (nou mete yon aksan grav sou li), lè nou vle montre li pa fè pati yon gwoup 2 lèt ki reprezante yon sèl vwayèl. Kon sa, nou genyen:

Sentantwàn, Tatàn, Sentàn, pàn, Àn, talatàn, vàn,
ki pa menm ak: pan, an, tan, van.

Kòm nou mete aksan grav sou **è** ak **ò** sèlman lè lèt sa yo reprezante vwayèl ki nan mo tankou **mè** ak **mò**, ta kapab genyen yon ti konfizyon lè moun ap li mo kouwè:

beni, evenman, jeni, kenedi, lenmi, menaj, penitans, senatè,
tenis, Benwa, Deniz, Kenèl, Lenò, Rene, bonè, bonèt, onè.

Men, sa se pa pwoblèm toutbon, paske gen yon manman prensip ki konmande tout sèvis yon òtograf. Òtograf se yon sistèm ekriti ki fèt pou moun ki deja konn yon lang. E si yon moun konn pale kreyòl, depi li vin abitye li kreyòl, l ap konnen kouman pou li pwononse de twa grenn mo ki manke klè nan òtograf la.

Nan mo kote son /è/ ak son /n/, son /ò/ ak son /n/, son /ou/ ak son /n/, kole ansanm, se 2 son diferan ki kòtakòt. Kon sa, n a chonje, ni lèt **n**, ni lèt li suiv la, pale klè nan:

kazèn, bòn, telefòn, jòn, kòn, kakòn, makòn,
siklòn, mòn, lapèsòn, lvòn, zòn, bounda (di respè),
moun, Foufoun, Louloun, youn ou lòt, desayoun.

Menm jan tou, ni lèt **n**, ni lèt **i** li suiv la, pale klè nan:
badinen, chini, dodinen, fini, marinad,
minè, vaksinen, vini,
badin, lachin, dodin, fin, lamarin
min, vaksin, vin.

Epi nan:
bobin, machin, bekin, Desalin, boulin, gazolin, klin,
lalin,
vèmin, kinin, Janin, derapin, kalòrin, kolorin, latrin,
vitrin,
terin, rasin, tantin, ravin, goyin, kouzin, kuizin, izin.

Rete pou nou bay kèk egzant konsòn ki pale nan fen mo apre vwayèl nou ekri **an, en, on** yo:

kanf, zanj, lank, chanm, manm, nanm, fanm, lanp, rans, Rench, vlengbendeng, senk, menm, senp, pens, ansent, kenz, ponch, kong, nonk, bonm, nonm, ponp, Alfons, kont, onz.

Konsòn ki mache youn dèyè lòt

Nou deja rankontre ak 4 gwoup lèt ki bay yon sèl son (**an, en, on, ou**), epi ak youn ki fè yon sèl bwi (**ch**). Nou jwenn kèk gwoup lèt ki bay 2 son tou, tankou: **wa, wè, wi, won, etseteraera**. Anwetan 2 ou 3 egzant, nou poko sèvi ak 2 konsòn ou byen ak 3 konsòn k ap mache suit an suit, etan chak ap fè bwi pa yo. Men 2 lis egzant konsòn ki mache youn dèyè lòt nan mo kreyòl! Premye lis la gen konsòn ki anndan menm silab la:

bl: blabla, pa oubli, tablo, blan, bliye.
br: bra, kabre, kabrit, brid, bri.
dl: dlo.
dj: djèt, Djo, djòl, djòlè, djak.
dr: dra, drese, drèt, pedri, dren.
fl: flach, gonfle, flè, flite, flote, flann.
fr: frape, frete, frèt, fritay, fran, fren.
gl: glas, vegle, glise, glann, zenglen.
gr: gra, gremesi, grèg, gri, grann, grenn.
kl: klas, kle, zeklè, klise, zoklo, klòch, klou, esklav.
kr: kras, akra, kreson, akrèk, kri, krentif.
ks: Maks, paks, Rèks, fiks, viks.
pi: pla, platin, souple, pli, lapli, konplo, plòg.
pr: pri, prete, prêt, pri, pran, prentan.
tch: match, patch, tchatcha, tchètchèwè.
tr: traka, trete, trèt, trip, tranpe, tren.

vl: vle, vlen, vlou.
vr: vre, louvri, ouvriye, fevriye.

Dezyèm lis la gen yon konsòn nan fen yon silab, epi lòt konsòn nan (ou byen lòt konsòn yo) nan konmansman yon lòt silab:

(dl): koulèv, madlenn.
gb: Legba.
gz: egzant, egzante, egzije, egzis.
(ks): vekse, seksyon, kekasyon.
(kt): malfektè, sektanm.
lb: kalbenday, albinòs.
lf: alfò, kalfou.
lm: almanak, moulen kalmannan, kalmi.
ls: malswen, malsite (Sid).
lt: galta, salte, palto.
pt: pwòpte.
sk: eskiz, eskandal, fiske.
sl: Lesli, oslè.
sm: batisman.
sp: espwa, espò, espere.
spr: lespri, espri.
st: estati, estènen.
str: nestri (sou bèt chay nan Nò).
tl: matla, atlèt, matlòt.
vn: avni.

Egzant sa yo montre nou, lèt pa parèt nan òtograf la pou yo fè chèlbè. Si yo la, se paske yo gen yon son pou yo pouse.

Katriyèm prensip:

Chak lèt se pòtre yon sèl grenn son ou byen yon sèl grenn bwi.

Katriyèm prensip sa a soti nan 3 lòt yo. Tou lè 4 prensip sa yo mache ansanm. Se yo ki lakòz òtograf la regilyè anpil. Se yo ki fè òtograf (la gen anpil valè.

Men lèt ki suiv katriyèm prensip la nèt:

b, ch, d, è, f, g, i, j, k,

l, m, ò, p, s, t, v, w, y, z.

Men lèt ki pa fin suiv li nèt:

a, e, h, n, o, u.

Gen yon lèt ki mande yon ti espikasyon, se **r**.

Nan tout lèt yo, se 6 sèlman ki manyè fè rebèl ak katriyèm prensip la. Men, yo pa twò frekan. Yo fè respè yo tou.

Nanpwen youn ladan ki konprann li se pòtre 2 son ki distenge nèt e ki pa mele ditou.

Nan òtograf kreyòl la, lè **a, o, e** makònen ak **n**, lè **o** makònen ak **u**, ou byen lè **c** makònen ak **h**, yo vin bay yon son ki pa menm ak son pa yo, lè yo pou kont yo. Men, pa bliye se yon gwoup 2 lèt ansanm ki fè yon nouvo pòtre pou yon son okenn ladan pa bay. Sèl ti dezagreman an ta soti nan lèt **r**, si nou ta sèvi ak li nan plas **w** ki nan mo tankou:

wo, wòl, won, wou, wout.

Lè sa a, **r** ta remèt son li fèt pou li reprezante a, lè li devan:

a, an, e, è, en, i,

nan mo tankou:

ra, ran, rete, rèl, ren, ri.

Men se yon lòt son, se son lèt **w** la pou li reprezante, **r** ta remèt devan: **o, ò, on, ou**. Pa gen okenn rezon pou nou ankouraje lèt **r** nan konplo kont katriyèm prensip la. Pito li ret nan wòl li nèt.


Lèt **h** gen valè, espesyalman pou yo ekri kèk mo yo pwononse yon jan ki pa fin menm nan Sid ak nan rès peyi a. Nan Sid, yo konn di:

had, hadi, hale, hele, hèl, hòtè, hòhòt, hèk, hoholi.

Lòt kote yo di:

rad, radi, rale, rele, rèl, wòtè, wòwòt, rèk, wowoli.

Selon pale w, se selon ekri w, dabò ou respekte prensip òtograf la.



II. Kichòy ki pa nan sistèm òtograf 1980 an

Nan fen esplikasyon sou nannan sistèm òtograf 1980 an, nou di: selon pale w, se selon ekri w. Nan konmansman an, nou te di: wòl lèt yo, se pèmèt nou rekonèt son ki gen enpòtans, nan tout pawòl Ayisyen kapab pale.

Èske 10 lèt ak gwoup lèt sa yo:

a, an, e, è, en, i, o, ò, on, ou,

kont pou tout vwayèl kreyòl yo? Èske se pa kreyòl anpil moun pale paske yo di kèk mo ak vwayèl bouch won bouch pwenti tankou: pèdu, tèt du, peù, konte un, deu?

Gen 4 son 10 lèt yo gen lè pa reprezante

Wi, gen 4 son nou jwenn nan mòd kreyòl yon ti gwoup Ayisyen pale, men ki pa nan nannan lang kreyòl la. Moun sa yo konn 2 lang. Epi se franse sèlman yo aprann lekòl. Sa ta dwòl anpil si lang franse a pa ta aji sou fason yo pale kreyòl la. Mèn, si nou egzaminen lang pèp la serye, nou kapab di 4 son yo jwenn nan mo franse "peu, peur, pu, un" pa nan nannan lang li.

Se poutèt sa, elèv lekòl ki pa konn pale franse lakay yo, gen traka ak 4 son franse sa yo epi avèk r.

Se poutèt sa, anpil moun ki aprann franse a malman, pa janm fin asire, lè pou yo sèvi avè yo. Yo konn di e yo konn ekri: "munite" pou "minute", "apparution" pou "apparition", "affectieusement" pou "affectueux".

Se poutèt sa, gen kèk mo kreyòl tankou "mize, alèkile, pi (bèl), ve (pa)", ata Ayisyen ki konn pale franse trè byen pa pwononse "muser, à l'heure qu'il est, p(l)us, veut", kwak yo byen konnen nan ki mo franse yo soti.

Se poutèt sa, moun ki te degwosi sèlman, ki te ret nan silabè, mele nèt, lè y ap eseye sèvi ak 4 son sa yo an kreyòl. Yo kab rive di de bagay lèd tankou: lu lu luv la (li li liv la), cheurur, vunnu m paleu w sul vou pleur (cheri, vini m pale w, silvoulè).

Kilès ki pou pote chaj?

e montre son ki genyen nan anpil egzanp nou deja bay. Men, li bay yon son plis pase twa ka Ayisyen fè ak bouch yo, lè yo di:

bere pen an, brevè, nimewo de, fè fe, jedi, kenbe ke, ne ki mare, enpe, peze, reta, Rene, ze poul.

Sa pa vle di: Ayisyen ki pi pito sèvi ak son yo mete nan mo franse "beurrer, brevet, deux, feu, jeudi, queue, noeud, peu, peser, retard, René, les oeufs", pa gen dwa sèvi avè yo ankò, lè y ap pale kreyòl. Men, se pa sou pèp la pou yo mete chaj la. Y annik pote chaj la pou kont yo.

Bourik travay, chwal galonnen

e montre son ki genyen nan anpil egzanp nou deja bay. Men, li bay yon son plis pase twa ka Ayisyen fè ak bouch yo, lè yo di:

bè ak mantèg, e ka dè a?, chofè, blagè, lajè, kè, ki lè li ye?, madigra m pa pè w, sè, malfektè, tayè, razè.

Sa pa vle di: Ayisyen ki pi pito sèvi ak son yo mete nan mo franse "beurre, quart d'heure, chauffeur, blagueur, l'arguer, coeur, heure, peur, soeur, malfaiteur, tailleur, ra-seur", pa gen dwa sèvi avè yo ankò, lè y ap pale kreyòl. Men, yo pa kab vle pou bourik travay, chwal galonnen.

Nan prèske 3 mil lang, nanpwen pale pwenti ak u

i montre son ki genyen nan anpil egzanp nou deja bay. Men, li bay yon son plis pase twa ka Ayisyen fè ak bouch yo, lè yo di:

bite, twò di, refize, ji melon, kalkile, sali, toutouni, zoranj si, fouti, mazi.

Sa pa vle di: Ayisyen ki pi pito sèvi ak son yo mete nan mo franse "buter, dur, refuser, jus, calculer, salut, nu, sur, foutu, mesure", pa gen dwa sèvi avè yo ankò, lè y ap pale kreyòl. Men, yo pa ta janm meprize moun ki pale kreyòl sèlman, poutèt yo pa di u, ak bouch pwenti, si yo te chonje son u sa a pa egziste ni an panyòl, ni an pòtigè, ni ann italyen, ni an roumen, ni an laten, ni ann angle, ni nan twa ka, ak degi, nan 3 mil lang kretyen vivan pale sou latè beni an.


en montre son ki genyen nan anpil egzanp nou deja bay. men, li bay yon son plis pase twa ka Ayisyen fè ak bouch yo, lè yo di:

lendi, enpe, okenn, defen, ajen.

Sa pa vle di: Ayisyen ki pi pito sèvi ak son yo mete nan mo franse "lundi, un peu, aucun, défunt, à jeun", pa gen dwa sèvi avè yo ankò, lè y ap pale kreyòl. Men, yo pa ta wè gen anyen ki dwòl nan pwononsiyasyon "en" mas pèp ayisyen an, si yo te konnen, sa gen plis pase 50 an depi Blan franse, a Pari epi lòt kote an Frans, sèvi ak son "en" nan mo yo ekri ak lèt **un**.

Al mete lèt pou reprezante 4 son yo jwenn, ann Ayiti, nan mo franse "peu, peur, pu, un", se mete traka pou pi fò moun. Se twouble tèt yo. Se bay kèk moun bouch-pwenti-pale-bobis, okazyon pou yo pase lòt moun nan tenten. Depi yon òtograf kreyòl ta chache ekri "eu, eù, u, un", se sèl menm ti gwoup ki konn pale franse a, la gen dwa rele chè mèt, chè metrès. Bouki ak Malis, Jan Sòt ak Jan Lespri, pap janm kab boule lib avè l.

Epi, mete lèt pou 4 son sa yo, se tounen nan yon pwoblèm: pou yon moun ekri kreyòl fòk li deja konn ekri franse, ou byen fòk se yon diksyonè ki di l kouman pou l ekri chak mo. Ositou, sa òtograf ofisyèl la okipe dirèkteman, se pwononsiyasyon mas pèp la sèlman. Bravo.



"bourik travay, chwal galonnen."

III. Kèk mank nan prezantasyon sistèm òtograf 1980 an

Kominike 31 janvye 1980 depatman edikasyon nasyonal la, ki prezante sistèm òtograf kreyòl la, gen kèk erè nou merite kritike e nou merite evite.

1. Li mete yon demi vwayèl **ui** nan alfabè a. Se yon erè. 2 lèt **ui** nou jwenn nan:

uit **zuit**, **ui** **jou**, **andui**,

reprézante 2 son diferan. Premye son an, se son yon demi vwayèl, lèt **u** reprézante nan òtograf kreyòl la. Dezyèm son an, se son yon vwayèl, lèt **i** reprézante. Se menm vwayèl **i** nou genyen nan:

rabi, **chi**, **di**, **fi**, **degi**, **aji**, **ki**, **li**, **zanmi**,
ni, **pi**, **ri**, **si**, **ti**, **lavi**, **wi**, **bouyi**, **fizi**.

2. Li foute **ng**, san rezon, kòm yon siy ekriti nan alfabè a, angiz li rekonèt: 2 son kreyòl, lèt **n** ak lèt **g** reprézante yo, kapab parèt nan kèk grenn mo tankou: **ti zing** / **ti zwing**. Pèsonn pa ta di dwe gen yon siy **ng** nan alfabè franse, poutèt kèk grenn mo franse tankou: "building, footing, smoking".

3. Li konplike sistèm ekriti a ak yon siy 3 lèt **oun**, ki pa reprézante yon son ki ta gen yon wòl klè nan lang kreyòl la, dekwa pou Ayisyen pa ta ezite nan distenge ant son, yo di li reprézante a, ak son gwoup **ou** reprézante a.

Nou kapab pran 10 vwayèl kreyòl nou deja prezante yo, epi nou fè yon lis non jwèt ak yo:

Lala, **Lanlan**, **Lele**, **Lèlè**, **Lenlen**, **Lili**, **Lolo**, **Lòlò**, **Lonlon**, **Loulou**.

Yon manman pitit ta gen dwa chwazi de non nan lis sa a pou yon pè marasa. Tout pè li fè ak non sa yo, distenge klè, san mank, depi pa gen mal tande.

Pou ki sa? Paske, vrèman vre, gen 7 vwayèl oral ak 3 vwayèl nazal. Chak ladan yo distenge klè ak nèf lòt yo, nan tout peyi a. Men, pèsonn pa ta kab distenge 2 marasa, si

manman yo ta vle fè foli rele youn **Loulou** (ak yon vwayèl oral **ou**) epi lòt la “Loûloû” (ak yon vwayèl nazal **ou**). Pa ka gen 2 kalite **Loulou** ann Ayiti.

Se move analiz sistèm son lang kreyòl la, ki mennen erè kominike a rele yon ka espesyal. Se pa tout detay pwo-nonsiyasyon son, ki fè pati sistèm manman son yon lang. Ekriti fèt pou li reprezante son ki gen yon wòl klè, ki pèmèt nenpòt moun ki pale lang lan depi nan piti distenge mo. An kreyòl, gen 10 vwayèl nan sistèm son lang lan. Se:

a, an, e, è, en, i, o, ò, on, ou.

Nanpwen lòt.

Sa pou nou fè ak gwoup lèt **oun** sa a?

(1) Nou kapab sèvi ak **oun** selon yon bon analiz sistèm son lang kreyòl la, epi dapre lojik bon sistèm òtograf edikasyon nasyonal la. Kon sa, **ou** se yon gwoup 2 lèt ki reprezante yon vwayèl kreyòl, nou jwenn nan anpil egzanp (paj 9, 18, 19, 21, 23, 25). Epi **n** se lèt ki reprezante yon konsòn, nou jwenn nan plizyè lòt egzanp (paj 24, 25). Ositou, nou ekri:

1	2	3	4
bouch	mouch	mou	moun
boul	moul	nou	Nounoun
bous	mous	chou	Choun
bouboun	moun	Youyou	youn ak lòt (di respè)

Epi, nou rekonèt: lè Ayisyen pa kite vye lide kwochi twoub le tèt yo, yo gen rezon panse:

Se menm seri son, **mou** reprezante nan **mou** (revè di), **mouch**, **moun** (kreyen). Se menm seri son, **ouch** reprezante nan **bouch** ak **mouch**. Sa vle di: se yon sèl grenn son ki diferan nan konmansman 2 mo sa yo.

Se menm seri son, **oul** reprezante nan **boul** ak **moul**. Sa vle di: se yon sèl grenn son ki diferan nan konmansman 2 mo sa yo.

Se menm seri son, **ous** reprezante nan **bous** ak **mous**. Sa vle di: se yon sèl grenn son ki diferan nan konmansman 2 mo sa yo.

Se menm seri son, **oun** reprezante nan **dezyèm silab bouboun** epi nan **moun**. Sa vle di: se yon sèl grenn son ki diferan nan konmansman silab 2 mo sa yo.

Se menm son, se menm vwayèl, ki nan mo **twazyèm kolonn** nan, e se menm vwayèl la toujou ki nan mo **katriyèm kolonn** nan.

Se menm seri son, **mou** reprezante nan 2 ti fraz sa yo:
Pa manje fwa mou.

Pa manje fwa moun.

E se yon grenn konsòn /n/, nan sistèm son lang kreyòl la, epi se yon grenn lèt **n**, nan sistèm ekriti kreyòl la, ki pèmèt nou distenge 2 ti fraz sa yo.

(2) Gen yon lòt wout, ki sanble suiv yon sèten lojik, men ki mennen yon seri ekriti dwòl. Wout sa a fòse nou rejte tout bon rezon nou fèk wè yo. Li ta mande pou nou ta ekri:

1	2	3	4
bouch	mouch	moun	mounn
boul	moul	noun	Nounoun
bous	mous	chou	Chounn
boubounn	mounn	Youyou	younn ak lòt

Pa manje fwa moun.

Pa manje fwa mounn.

Dapre **dezyèm wout** sa a, pèsoun pa suiv, fòk nou ta di: 2 fraz yo gen menm vwayèl la nan **dènye mo a**, men, **vwayèl** sa a pa ta menm ak sa ki nan mo **kouwè** “bouch, boul, bous, chou, Youyou”. Sa yon ti jan dwòl.

(3) Gen yon **twazyèm wout**, ki pa suiv okenn lojik, e ki fòse nou rejte tout bon rezon Ayisyen asepte, lè move analiz pa vire lòlòj yo. Wout sa a ta fè nou ekri:

1	2	3	4
bouch	mouch	mou	mounn
boul	moul	nou	Nounoun
bous	mous	chou	Chounn
bouboun	mounn	Youyou	younn ak lòt

Pa manje fwa-mou.
 Pa manje fwa mounn.
 Dapre twazyèm wout sa a, se 2 vwayèl diferan ki nan fen
 2 fraz yo. Sa dwòl nèt.

Nan kominike a, gen twa "kapab" ki bay dwa al nan 2
 direksyon ki pa menm. Atansyon pou moun pa konfonn ti
 libète, nan sèvi ak yon bon sistèm òtograf, ak "woule m de
 bò". Libète, se chwazi ant 2 wout diferan, nan ekriti, lè lang
 lan pèmèt nou chwazi 2 chemen diferan, nan pale. Pareg-
 zanp, pandan tout Ayisyen kapab di:

ni (1) m wè l

ni (2) m wè li

ni (3) mwen wè l

ni (4) mwen wè li

pa gen rezon pou yo pa ta gen dwa ekri tou lè 4 fòm sa yo.
Men, "woule m de bò" fè nou vire do bay bon prensip lang
 kreyòl la, pou plezi yon ti ponyen moun ki abitye ekri
 franse.

4. Se òganizasyon sistèm son lang kreyòl la menm, ki
 pèmèt son /r/ parèt lib devan 6 vwayèl, yo ekri **a, an, e, è,**
en, i, e ki pa pèmèt li parèt ditou devan 4 vwayèl, yo
 ekri **o, ò, on, ou**. Ositou, pèmasyon sèvi ak lèt **r**, nan plas
 lèt **w**, anvan **o, ò, on, ou**, se sitirans ki vin mete dezòd nan
 yon bon sistèm ekriti. Se move konsèy. E jan pawòl la di a:
 konsèy fè w bwè dlo sal.

5. Sèvi ak tirè pou makònen 2 mo kreyòl, poutèt rapò yo
 genyen nan sistèm gramè lang lan, se konplikasyon initil.

Dabò, yon moun fasil kab tonbe nan move analiz. Kalkile
 egzanp sa a:

Fil bouton pòch vès sekretè anbasadè Pòtigal la kase.

Si yon moun vle sèvi ak yon tirè pou li makònen atik defini
 an ak mo li suiv la, l ap ekri: Pòtigal-la. Move analiz. "Pòti-
 gal", se sèl mo nan 7 premye mo fraz sa a ki pa mele ak
 atik defini an. Men yon seri keksyon ak repons ki ede nou
 wè sa:

Ki sa ki kase?

Ki fil?

Ki bouton?

Ki pòch?

Ki vès?

Ki sekretè?

Anbasadè ki peyi?

- Fil la.

- Fil ki mare bouton an.

- Bouton ki nan pòch la.

- Pòch ki nan vès la.

- Vès ki sou sekretè a.

- Sekretè ki travay pou anbasadè a.

- Pòtigal.

Nou tou wè, yo pa te dwe fè moun k ap ekri voye kò yo
 nan analiz.

Pou ki rezon yon tirè ta itil nan "papa li" e yon tirè pa ta itil
 nan "li vini"?

Pou ki rezon yon moun k ap ekri, ta oblije kalkile ki pwo-
 non ki konplèman ak ki pwonon ki sijè?

6. Nan fè tyoul òtograf franse, yo pèmèt moun sèvi ak yon
 apostwòf pou fòm kout pwonon sijè. Men, nan ekri pwo-
 non franse, apostwòf pa mele ak koze sijè pa sijè. Epi nan
 ekri franse, apostwòf pa rete ak pwonon. Se yon senp kek-
 syon vwayèl franse "a, e, i", ki pa dwe kontre ak yon lòt
 vwayèl. Egzanp: "J'ai cru qu'on m'avait dit que l'avion
 n'arriverait pas s'il neigeait." (M te kwè yo te di m avyon an
 pa tap rive si l tap fè lanèj.) Nan òtograf kreyòl, apostwòf
 se konplikasyon initil ki pa regle anyen.

Men yon modèl rejis an kreyòl

REJIS					
Nimewo rejis la					8641
1. Non timoun nan	Esperansya non	Jozef siyati (tit)			
2. Èske se fi ou byen èske se gason?	fi				
3. Timoun nan fèt:	vandredi jou	16 dat	me mwa	1986 ane	4e 30 lè apremidi maten apremidi
4. Kote timoun nan fèt	Dimon bitasyon	senkyèm seksyon		Pòsali komin	
	vil-bouk	zòn		komin	
	Si se lopital non lopital la				
	Si se matènité non matènité a				
5. Kote manman an rete:	Dimon bitasyon	senkyèm seksyon		Pòsali komin	
	vil bouk	zòn		komin	
6. Papa	10.	Manman			
non	Izè Jozef	pwop non manman an Avriyet Esperans			
7. Ki laj papa a lè timoun nan fèt?	11. Ki laj manman an lè timoun nan fèt?				
Ane 25	Ane 23				
8. Kote papa a fèt?	12. Kote manman an fèt?				
Makabe	Wòch Jahwen				
9. Ki travay papa a abitye fè?	13. Ki travay manman an abitye fè?				
Kiltivatè	kiltivatè				
Mwen deklare timoun sa a fèt an vi, lè, jou, dat ak ane ki make pi wo a. Dapre sa mwen konnen, tou sa yo di nan sètifika sa a, se laverite.					
Lètès Mibèl non moun ki siyen papye a		Lètès Mibèl kote moun nan siyen an			
Lèt bò pon. Pòsali		jedi	26	jen	1986
adrès moun ki siyen papye a		jou	dat	mwa	ane

IV. Kèk konsèy sou òtograf kreyòl la

Se pa son sèlman ki gen nan yon lang. Lè yon moun ap pale, vwa li gen dwa montre si se kichòy moun nan ap deklare, si se yon kèksyon l ap mande, si se yon lòd l ap pase. Vwa a chanje: li monte, li desann, li sispann, li rekonmanse.

Nan ekriti, se lèt ki reprezante son. Men, gen kèk siy ki pa reprezante son.

1. Espas.

Lè nou ekri, nou pa kole tout lèt yo youn sou lòt. Nou separe mo. Se pa kichòy ki difisil. Men se pa tout tan sa fasil nèt. Gen de lè, nou kab mal pou n konnen si nou ann afè ak yon sèl grenn mo, de grenn mo, twa grenn mo. Anpil fwa, lè n ap ezite pou yon mo, si nou kalkile kouman nou di l vre, lè nou di l dousman, dousman, lè nou separe chak moso nan mo a, sa kapab ede nou wè ki jan pou n ekri li.

2. Tirè.

Nan egzamenen koze yo ekri an kreyòl depi kèk ane, nou kab remake jan yo sèvi mal ak tirè. Gen moun ki simen tirè tout kote. E sanble pèsonn pa suiv okenn prensip klè nan mete tirè. Poutèt sa, li kapab pi bon pou nou si nou prèske lage tirè a nèt. Nou mèt sèvi ak li espesyalman lè nou rive nan bout yon liy epi nou oblije koupe yon mo. Men, lè yon mo tounen yon sèl grenn lèt konsòn, n'a tou egzante kalkil konplike pou nou konnen si se a dwat ou byen si se a gòch pou nou ta mete yon tirè. Ekriti ap vin pi fasil lè kon sa. E sa pap fè lekti vin pi difisil. Egzanp:

Yo di m mande sa k pase.

3. Siy ekriti ki pi fasil se **pwen** nan fen fraz ak **pwen den-tewogasyon** nan fen kèksyon. Anwetan **vigil** pou nou separe moso fraz ki mande pou nou fè yon ti poze, lòt siy yo pa si tèlman itil e nou merite sèvi ak yo ak prekosyon. Antouka, pinga pwofesè lekòl al bay siy ponktiwayon yon enpòtans yo pa genyen.

4. Gwo lèt majiskil pa bezwen parèt lòt kote pase nan konmansman yon fraz epi nan konmansman non pwòp.

5. Non pwòp.

Non moun, bon non, non jwèt, siyati, non peyi, non pèp, non vil, non bouk, non mòn, non rivyè, anfen tout non pwòp, kouman pou nou ekri yo? Se 2 repons keksyon sa a kapab genyen.

Premye repons: pa ekri non pwòp selon sistèm òtograf yo chwazi pou kreyòl la. Se yon repons ki envite nou detwi sistèm òtograf kreyòl la. Si sistèm òtograf kreyòl liv sa a esplike a, klè, si li bon, si li regilyè, si yo kab aprann li fasil epi aprann li byen, si li pèmèt kouche pawòl kreyòl sou papye, pou ki rezon pou yo pa sèvi ak li pou ekri non pwòp? Epi, premye repons sa a di nou sa pou nou pa fè. Li pa di nou sa pou nou fè. Nou ta renmen presizyon. Ann sipoze yon premye presizyon ta mande pou nou ekri non pwòp nenpòt ki jan. Nou ta tou wè, se ta yon move konsèy. Se pa yon prensip. Pèsonn pa ta bay yon konsèy kon sa toutbon.

Sètèn moun ta pito ekri tout non pwòp selon òtograf franse. Men, sa sa vle di reyèlman vre? Epi yo pa fouti di pou ki sa òtograf franse ta pi bon, lè moun ap ekri yon pawòl an kreyòl, epi gen non arab, chinwa, ebre, endyen, japonè, ris, etsetera, nan koze a.

Moun ki gen lide sa a nan tèt yo, sipoze: òtograf franse gen sètèn prensip klè ki pèmèt nou ekri nenpòt ki non yo pa abitye jwenn an Frans. Se yon erè. Pa gen okenn prensip kon sa nan òtograf franse. Okontrè, si se sou òtograf franse pou moun gade, gen yon kantite non, nou tande tout tan ann Ayiti, moun ta mal pou ekri. Espesyalman non lwa. Epi anpil ti non jwèt tou. Paregzanp, yon pwofesè lekòl ta gen dwa kwè pa gen pwoblèm nan ekri kèk ti non kreyòl tou senp, an franse, ti non jwèt tankou: Bèbè, Dèdè, Mèmè, Nènè, Pèpè, Tètè. Kòm òtograf franse sèvi ak lèt è, yo ta di jan nou fèk ekri 6 non sa yo, pa vire do bay prensip òtograf franse. Men, lè n al gade plizyè diksyonè franse depi A jis Z, nou fou ap chèche yon mo franse ki fini ak lèt

è. Si nou ta vle suiv yon modèl franse tankou “pèpère”, 5 lòt mo yo ap bay kont traka. Gad figi “Bèbère” ak “Tètère” nan yon ekriti ki gen odas kwè se non kreyòl la epi se òtograf franse l ap imite. Si nou pito derape ak mo franse tankou “dais” ou byen “baie”, tout ti non kreyòl yo ap bay rezilta dwòl nèt pou moun ki abitye ak òtograf franse. Si nou chwazi plizyè modèl franse diferan pou 6 non yo, nou mèt di se pa òtograf franse n ap imite ankò. N ap suiv yon move lide ki di nou ekri non pwòp nenpòt ki jan an kreyòl. Dwe gen lòt wout ki pi bon. Ann egzaminen yon dezyèm repons.

Dezyèm repons: ekri non pwòp tankou tout lòt mo, sa vle di: selon sistèm òtograf yo chwazi pou kreyòl la.

Sa yon moun, ki konn òtograf kreyòl la, bezwen: se pran san l pou li kalkile ki pwononsiyasyon yon non pwòp kab genyen an kreyòl, espesyalman si li pa abitye ak non an.

Natirèlman, nou pa dwe bliye: chak lang gen pwòp regleman son pa yo. Ositou, lè yon moun ap sèvi ak non pwòp, vle pa vle, li gen tandans pwononse yo selon regleman pwòp lang pa li. Si yon moun pale yon lòt lang etranje fen dekwa pou pawòl li soti tankou pawòl moun ki pale lang sa a sèlman depi nan piti, li an mezi pwononse non pwòp selon sistèm son lòt lang lan. Men, se pa sa ki rive pi fò moun ki konn pale plizyè lang, espesyalman si se pa nan timoun yo konmanse pale lòt lang. Si moun te oblije pwononse non etranje, selon pwononsiyasyon etranje, sa ta vle di moun ta dwe kab pale plis pase 3 mil lòt lang fen. Se menm sityasyon pou ekriti tou. Yon moun pa oblije konn sèvi ak plizyè sistèm òtograf. Yon moun bezwen konn sistèm òtograf lang pa li epi sistèm òtograf nenpòt ki lòt lang li deja pale fen.

Lè moun ap ekri pou lòt moun, ki konn li kreyòl, yo pa gen pou yo sipoze mesye dam yo OBLIJE KONNEN LÒT ÒTOGRAF. Anpil moun kab pa te gen mwayen konn lòt òtograf. Moun, ki konn alfabè laten, pa oblije konnen ni alfabè grèk pou yo rekonèt kèk mo nan jounal ki sot an Grès, ni alfabè ebre pou yo li liv ki parèt ann Israyèl, ni alfabè

sirilik pou yo voye je sou revè ki sikile an Risi, ni ekriti chinwa pou yo mache li non restoran chinwa Nouyòk. Se kon sa tou, Ayisyen ki etidye òtograf kreyòl, pa bezwen deja konn òtograf angle, franse ak panyòl, pou yo li non pwòp nan liv ak jounal kreyòl.

Lè moun ap pale lang yo, yo pa fouti konnen depi davans tout non pwòp lòt moun, ki pale menm lang lan, pral nonmen devan yo. Se menm jan: moun k ap li, pa kapab konnen depi davans ak ki non pwòp moun ki ekri a, pral sèvi. Men, nan sikonstans nòmal, yon moun k ap koute pawòl yon lòt, atann li pou lòt moun nan pwononse yon non, ki nouvo, selon yon sistèm son ki pa nouvo pou li. E se kon sa, nan sikonstans nòmal, yon moun k ap li, atann li pou moun ki ekri yon non, ki nouvo, ekri l selon yon sistèm ekriti, ki pa nouvo pou li.

Se yon sèl chemen ki serye. Se suiv prensip sistèm òtograf kreyòl la ak sistèm son lang kreyòl la, nan ekri tout non pwòp. Sa pa vle di chemen an fasil tout tan. Li pa fasil pou plizyè rezon.

Pou le moman, moun k ap prepare liv ak atik jounal an kreyòl, deja abitye wè non pwòp ekri nan koze an franse ou byen ann angle. Yo kab pa santi yo alèz lè pou yo ekri yo selon yon sistèm ki pa bay menm rezilta.

Moun ki deja abitye ak ekriti pwòp non pa yo "an franse" nan papye leta ann Ayiti, mal pou konprann sa kapab chanje. Epi yo konfonn chanje ekriti ak chanje non. Yon Chinwa pa chanje non paske peyi kote li rete a, ekri non l ak lèt arab, laten ou byen ris.

Se vre ekriti non ak siyati moun nan papye leta gen enpòtans. E se poutèt sa, lojik ak enterè mas pèp ayisyen an, mande pou leta rekonèt lang mas pèp la kòm lang ofisyèl peyi a epi òtograf kreyòl la kòm òtograf ofisyèl tout papye leta. Nan kondisyon sa a, non moun vle bay pitit yo, se va non ofisyèl eta sivil va oblije mete nan batistè timoun, san yo pa chanje yo jan yo pi pito a ou byen dapre yon òtograf franse anpil ladan yo konn malman. Annatan-dan, moun ki deja konn li ak ekri yo, pa bezwen plis pase 5 grenn minit pou yo aprann kouman yo kapab ekri non yo

selon òtograf kreyòl la. E tout moun ki pral aprann li ak ekri an kreyòl pap bezwen plis pase 10 minit, lè yo konmanse degaje yo nan ekri lang yo, pou yo aprann kouman papye leta ki deja la yo ekri non yo an franse. Kon sa, ekri:

Ayiti, Avriyèt Batis, Dyelifèt, Felisya, Gonayiv, Jan, Japon, Kiba, Lorina, Mari, Okap, Okay, Petyonvil, Pòtoprens, Pyè.

Si nou pa suiv prensip sa a, n ap pran nan yon pèlen k ap kraze bon jan sistèm òtograf regilyè nou an. Se ta: lave men, siye l a tè.

Moun k ap ekri liv ak atik jounal te dwe sevè anpil ak tèt yo. Se pou yo ta chèche egzante sèten neglijan tankou degrennen silab mo pou anyen. Paregzanp, nanpwen rezon pou yon mo kouwè **taptap** te parèt ak 2 moso dekole nan yon atik jounal 1980. Lè nou sèten se ak yon sèl grenn mo nou ann afè, nou pa separe l fè 2 bout, si nou pa gen bon jan rezon pou sa. Si nou rekonèt: yon seri son fòmeyon sèl grenn mo, nou pap separe yo yon jan pou yon moso ta rete apa, san moso sa a pa yon mo kreyòl ki konn kanpe pou kont li. Paregzanp, si nou ekri **alèkile**, san nou pa dekoupe l, se paske nou wè ni **alèki**, ni **kile**, ni **le** pa ban nou yon mo nou rekonèt apa. Gen yon lòt bon rezon pou sa tou. Lè nou di yon mo kreyòl pou kont li, se sou dènye silab la vwa nou apiye:

ale alèlè alèkile endispozisyon.

Yon lòt neglijan, se lè moun kole yon pakèt mo ansanm. Lè kon sa yo kwè depi yon valè son remèt yon sèl grenn sans, yo pa merite separe moso ki nan seri a. Men, tout son yon fraz antye youn dèye lòt gen dwa remèt yon sèl grenn sans. Se poutèt sa, nou kab fè 2 fraz diferan ak 2 sans diferan ak menm mo yo, ak menm son yo. Egzanp: Reken manje moun.

Moun manje reken.

Pandan konbyen syèk, tan lontan, te gen yon mòd ekriti ki pa te separe mo ditou. Sa vle di: yo te mete lèt yo youn dèye lòt depi konmansman yon liy jis nan fen yon liy. Men ki jan yo ta ekri:

rekenmanjemounmounmanjereken.

Lè nanpwen separasyon menm nan yon liy, lekti mwen fasil. Se yon gran pa pi devan ekriti te fè lè yo te vin separe mo yo.

Anvan moun kouri kole plizyè silab ansanm, yo merite re-flechi sou òganizasyon mo kreyòl. Mwatye mo kreyòl, se mo ki gen 2 silab. Pi fò lòt mo kreyòl gen 3 silab ou byen yon sèl silab. Kèk grenn mo kreyòl gen 4, 5 silab. Sa montre nou, lè se 2, 3 silab n ap kole ansanm, n ap suiv tandans òganizasyon lang lan. Lè nou depase 3 silab, se pou nou mache sou pinga nou. Se sistèm lang lan ki envite nou fè atansyon.

Otan moun k ap mete koze deyò, nan liv, nan journal, dwe serye ak sistèm ekriti a, otan tout moun merite toleran lè se èlèv lekòl k ap fè devwa, lè se fanmi ak zanmi k ap voye lèt ak biye, ou byen lè moun ap ekri pou plezi yo. Otograf dwe ret nan plas li. Se yon zouti. Yo sèvi ak yon bon zouti. Yo kenbe l an fòm. Yo pa vin esklav yon zouti.

Tout moun ki konprann espplikasyon ki nan ti liv sa a ap li kreyòl fasil. E yo nan wout ekri l tou. Yo mèt boule ni ak lekti ni ak ekriti, depi yo chonje:

Li: se ranmase lide ki sou papye, voye yo nan sèvo yo.

Ekri: se pran lide ki nan tèt yo, kouche yo sou papye.

Rezilta atelye sou estanda pou ekriti kreyòl nan tèks pou lekòl fondamantal (*Travay la te reyalize ak Dr Michel DeGraff*)

Tematik # 1

Ki lè nou konnen si nou gen 1 mo oswa 2 mo?

Egzanp: **m ap** chante oswa **map** chante; se li **k ap** chante oswa se li **kap** chante; **pou ki sa** nou vle sa oswa **poukisa** nou vle sa; se **kon sa** li ekri vs. se **konsa** li ekri; **kounyea** oswa **kounye a**; **genlè** oswa **gen lè**; eks.

Nou ka deside si se yon grenn oswa plis mo selon analiz lengwistik nou ka fè sou mòfoloji ak sentaks lang lan (selon metòd lengwistik nou te diskite a):

M ap chante

Se li **k ap** chante

genlè oswa **gen lè** (selon sans lan)

kounye a

ti gason / ti fi (men, Mari pa **tifi**)

granmoun / timoun

ki sa ~~kisa~~

ki bagay ~~kibagay~~

ki moun ~~kimoun~~

ki machann ~~kimachann~~

pou ki sa ~~poukisa~~

pou ki rezon ~~poukirezon~~

Pou ki sa nou fè l kon sa?

Tematik # 2

Èske nou dwe ekri sèten pawòl avèk ou san apostwòf?

Egzanp: ***m'ap chante*** oswa ***m ap chante***, eks.

Tout moun dakò pou nou pa sèvi ak apostwòf.

Desizyon sa a konsekan ak prensip ki di pa gen senbòl
òtograf ki bèbè.

Epi tou, nou te remake jan lwa òtograf 1980 an pa te chita
sou okenn baz lengwistik ki solid—o kontrè, règleman 1980
an tava kreye twoub nan tèt timoun yo.

Tematik # 3

Èske nou dwe ekri sèten pawòl avèk ou san tirè? Egzanp: ***m-ap***
chante oswa ***m ap chante***, eks.

Nou pwopoze pou nou pa sèvi ak tirè—selon menm rezonman
nou te aplike pou apostwòf la.

Tematik # 4

Èske nou dwe/kapab sèvi ak fòm kout oswa fòm long?

Egzanp: ***mwen ale*** oswa ***m ale***, eks.

Tou de (2) fòm yo ka sèvi selon anviwònman kote yo parèt la, e
gen de kote se sèlman youn nan fòm yo ki ka sèvi.

Egzanp: *M ale* (pi fò nan nou pa di: *Mwen ale*)

Se mwen (pèsonn pa di: *Se m*)

Kite m manje manje m (pi fò nan

nou pa ta janm di:

Kite mwen manje manje mwen)

Tematik # 5

Ki jan pou nou ekri non konpoze? Èske nou dwe sèvi ak espas
oswa tirè oswa tou kole? Egzanp: ***apre midi***, ***apre-midi***, ***apremidi***,
eks.

Pou nou rete konsekan ak refleksyon nou te fè sou tematik #3, n ap ekri mo konpoze ak yon espas ant mo yo.

Egzanp:

apre midi a

yon pote kole

yon chita tann

Tematik # 6

Ki jan pou nou reprezante sèten fenomèn lyezon?

Egzanp: **dezè** oswa **de zè** oswa oswa **dez è** oswa **2 è**, eks.

an desanm o Meksik

ann avril oz Etazini

in è / dez è / twaz an / katr òm

N ap suiv fòmil sa a:

[_{PP} Prepozisyon / Chif (chanje fòm selon sa ki vin apre a:
an/ann, o/oz, de/dez, twa/twaz)

Non (pa varye)]

Fòmil sa a koresponn ak yon prensip nou jwenn nan plizyè lòt lang: “alomòfi”. Egzanp: ann angle nou gen: **a** book epi **an** apple, an franse nou gen: **la** voiture epi **l'**automobile

Tematik # 7

Èske se tout fenomèn fonetik/fonolojik ki dwe gen reprezantasyon òtografik.

Egzanp:

Mari se sè w oswa *Mari se sò w*

Li **gen** anpil pasyans oswa Li **g** anpil pasyans; eks.)

Nan ka sa yo, se yon vèb oswa yon non ki vin gen yon fòm kout oswa yon fòm asimile. Nan ka sa yo, fòk nou evite sèvi ak fòm kout la oswa fòm ki asimile a.

Tematik # 8

Ki jan pou nou reprezante varyasyon nan fonoloji, mòfoloji, leksik, sentaks pami divès fòm pale rejyonal yo?

Nou dwe envite pwofesè, ekriven, powèt, eks., ki sòti nan divès zòn pou yo pote kole nan preparasyon materyèl yo. Sa ta bon nèt si liv lekòl yo ta jwenn egzanp ki soti nan divès zòn peyi a selon fòm pale rejyonal yo.

Tematik # 9

Ki jan pou nou reprezante varyasyon ki an rapò ak sèten fonèm: *minui* vs. *minwi*, *uit* vs. *wit*, eks.

N ap sèvi ak tou de (2) fòm lè yo posib. Men, nou dwe fè atansyon lè gen diferan sans selon zòn nan.

Tematik # 10

Ki jan nou dwe ekri non pwòp, non peyi ak non vil, tit, eks.?

Non pèsonaj nan istwa ap ekri ak òtograf kreyòl la (epi fòk timoun yo aprann pou yo pa mele òtograf non pèsonaj sa yo ak non pa yo).

Nou dwe respekte non legal timoun yo. Non sa yo dwe koresponn ak dokiman ofisyèl timoun yo.

N ap ekri non peyi ak non vil an kreyòl.

Egzanp: *Ansagalè, Ilavach, Okap*.

N ap ekri non etranje yo an kreyòl epi n ap sèvi ak italik (oswa n ap souliyen yo) pou n ekri non yo nan pwòp lang yo. Si se non etranje ki nan yon lòt alfabè, n ap ekri l nan alfabè laten.

Egzanp: Papa m ale Nouyòk (*New York*).

Tematik # 11

Ki jan pou nou sèvi ak ponktyasyon?

Egzanp: Ki lè e ki kote pou nou mete vigil, pwen vigil, gimè, espas, eks?

N ap suiv konvansyon franse yo.

Tematik # 12

Ki lè pou nou sèvi ak lèt majiskil? Èske nou ka mete aksan sou lèt majiskil sa yo?

N ap suiv konvansyon franse yo. Men, pito nou toujou mete aksan fòs sou lèt ki gen aksan sou yo.

Egzanp: *Òganizasyon, Èd*

Tematik # 13

Ki lè nou dwe sèvi ak chif (egzanp: 2, 3, eks.) oswa lèt ki ekri chif yo (egzanp: *de, twa*, eks.)

N ap sèvi ak tou de (2) fòm yo nan tèks pou lekti yo

Egzanp: *uit* (8)